# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ТУРИЗМ ТАРАЎЫНЫҢ ҲӘЗИРГИ РАЎАЖЛАНЫЎ БАҒДАРЫ, ШЕТ ЕЛЛЕР МЕНЕН БИРГЕ ИСЛЕСИЎИ

**Отенов Нариман Турдымуратович**
*Әжинияз атындағы НМПИ. Нөкис қаласы*
*E-mail otenov.nariman@mail.ru*

Туризм – бүгинги күнде дүньяның көпшилик мәмлекетлериниң социал – экономикалық, мәдений ҳәм сиясий искерлигиниң жетекши тараўларынан бирине айланды.

Саяхат етиў тек ғана заўық яки ойын – күлги болып қалмай, инсанның руўхый ҳәм интелектуаллық талапларын қандырыў, физикалық күшин тиклеў ҳәм раўажландырыў менен байланыслы болған инсан өмириниң ажыралмас бөлегине айланып бармақта.

Халықаралық туризм – саяхат ҳәм жолаўшы тасыў хызметлерин қосып есаплағанда дүнья хызметлер экспортының 29 % қурайды. Дүньяда туризм экспорт объекти ретинде нефть, химия, азық – аўқат өнимлери ҳәм санааттан кейинги төртинши орынды ийелейди, ал көпшилик раўажланып атырған мәмлекетлерде болса биринши орында турады.

**Дүнья жүзлик туризм шөлкеминиң 2019 жылғы туризм экспорты ҳаққындағы мағлыўматы** дерек: (World Tourism Organization, UNWTO).

| № | Мәмлекет | туризм экспорты % |
|---|---|---|
| 1 | Макао | 87,6% |
| 2 | Палау | 86,3% |
| 3 | Мальдивы | 85,3% |
| 4 | Гренада | 84,3% |
| 5 | Антигуа и Барбуда | 84,3% |
| 6 | Аруба | 82,0% |
| 7 | Сент-Люсия | 81,3% |
| 8 | Сент-Винсент и Гренадины | 76,3% |
| 9 | Сан-Томе и Принсипи | 73,2% |
| 10 | Багамы | 70,4% |
| 11 | Доминика | 68,5% |

Мәмлекетимизде де барлық тараўлар қатарында туризмди раўажландырыўға да айрықша итибар қаратылып, бул бағдарда кең көлемли жумыслар әмелге асырылмақта.

Нәтийжеде кейинги жылларда туризм экономиканың стратегиялық тармақларынан бири ретинде жеделлик бенен раўажланбақта. Тараў алдында турған турған бир қатар машқалалар сапластырылыўы нәтийжесинде унамлы көрсеткишлерге ерисилди.

2022-жылы республикамызға келген сырт елли туристлер саны 2021 жылға салыстырғанда 2 есеге көбейди ҳәм 50 мыңды қурады.

Ишки туристлер саны да 2021-жылға салыстырғанда 3 есеге өсип, 600 мыңды қурады.

2016-жылда Қарақалпақстанда тек ғана 18 жайластырыў орыны болған болса, бүгинги күнде олардың саны 5 есеге артып улыўма 94 ке жетти. Соннан: мийманханалар 28, шаңарақлық қонақ үйлери 43, хостеллер 23, олардағы орынлар саны 2 мыңды қурайды.

Бүгинги күнде 54 туроператор ҳәм турагентлер республикамыз ҳәм шет еллик туристлерге хызмет көрсетпекте.

Инвестиция бағдарламалары ҳәм де қосымша инвестиция жойбарлары шеңберинде 2022-жылы Туризм ҳәм оған жолдас хызмет көрсетиў тараўларында 60 жойбар иске түсирилди ҳәм 111 млрд. 169 млн. сўм инвестиция қаржылары өзлестирилди.

Арал бойы машқалалары, оларды сапластырыў ҳәм де регионда туризмди раўажландырыў бойынша кең көлемли жумыслар бойынша дүнья жүзлик жәмийетшилигин жақыннан таныстырыў, шет мәмлекетлери, халықаралық шөлкемлер грантлары ҳәм инвесторлары қаржыларын аймаққа тартыў бойынша Германия халықаралық бирге ислесиў шөлкеми (GIZ) тәрепинен туризм стратегиясын ислеп шығыў, үгит нәсият материалларын таярлаўда ҳәм аймақтың тур компанияларының халықаралық туризм ярмакаларында қатнасыўын тәмийнлеў мақсетинде 300 мың евро грант ажыратылды. Усының менен бирге, жойбар шеңберинде Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университетинде туризм лабораториясы ашылды. (2023 жыл май айында ашылған).

Республикамызға туристлерди еледе көбирек тартыў мақсетинде «НаврУЗ», «Миллий ат ойынлары», «Стихия», «Арал балықларынан 99 түрли тағамлар», «Мойнақ ҳәм Аралдың қайта тиклениўи», «Муйнак ралли» сыяқлы илажлар өткерип келинбекте.

Қарақалпақстан Республикасының туризм потенциалын ен жайдырыў мақсетинде Россия Федерациясының «РОССИЯ 24» ҳәм «РЕН ТВ», Башқуртстан Республикасының орайлық телеканаллары, Қазақстан Республикасының «ХАБАР 24» телеканалы, соның менен бирге АҚШтың «The Washington Post» газетасының журналистлери ушын Қарақалпақстанға пресс-тур шөлкемлестирилип ҳүжжетли фильм, репортажлар таярланды ҳәм де мақалалар жәрияланды.

2022-жылдың 23-25-ноябрь күнлери Қазақстан Республикасының Актаў қаласында Қарақалпақстан Республикасы ҳәм Қазақстан Республикасының туризм тараўындағы рәсмий ўәкиллери ҳәм де исбилерменлик субъектлери арасында ушырасыў шөлкемлестирилди.

2023-жылдың 7-9-март күнлери Германияның пайтахты Берлин қаласында «ITB BERLIN 2023» халықаралық туризм ярмаркасында Қарақалпақстан Республикасы делегациясы ағзалары қатнасып Қарақалпақстанның туристлик потенциалы кең үгит-нәсият етилди.

«Aral Dream» халықаралық PR бағдарламасы шеңберинде 2022-жыл 17-18-май күнлери Францияда өткерилген 75-Канн халықаралық кино фестифалы шеңберинде «Aral Dream» бағдарламасының презентациясы өткерилди.

Жуўмақлап айтқанда Қарақалпақстанда туризм тараўын еле де раўажландырыў ушын Өзбекистан Республикасының Президентиниң 2023 жыл 26-апрельдеги ПҚ-135-санлы «Республиканың туризм потенциалын жедел раўажландырыў ҳәм де жергиликли ҳәм шет елли туристлер санын жәнеде асырыўға тийисли қосымша ис-илажлар туўрысындағы» қарары бойынша бир қанша жумыслар исленбекте ҳәм бул ис-илажлар еле де даўам етеди.

**Пайдаланылған дереклер:**

1. Өзбекистан Республикасының Президентиниң 2023 жыл 26-апрельдеги ПҚ-135-санлы «Республиканың туризм потенциалын жедел раўажландырыў ҳәм де жергиликли ҳәм шет елли туристлер санын жәнеде асырыўға тийисли қосымша ис-илажлар туўрысындағы» қарары.
2. Дүнья жүзлик туризм шөлкеминиң 2019 жылғы туризм экспорты ҳаққындағы мағлыўматы (World Tourism Organization, UNWTO) https://www.unwto.org
3. Қарақалпақстан Республикасы Туризм ҳәм мәдений мийрас министрлиги мағлыўматлары 2022-2023 жыллар ушын.